

Jwenn Sipò pou Sante Konpòtman



4 Resous Kle nan Konte San Diego

Liy Aksè pou Moman Kriz San Diego a (San Diego Access & Crisis Line, ACL) 888-724-7240 Si w bezwen enfòmasyon oswa asistans pou jwenn resous, sa a se yon bon kote pou ou kòmanse. Genyen lòt sèvis ki afiche pi ba a ou kapab antre an kontak ak yo tou. Ou kapab rele ACL si ou ta renmen resevwa enfòmasyon sou pwogram, sou sipò w ka jwenn pou tèt pa w, oswa sou referans pou jwenn yon espesyalis.

Inite Estabilizasyon Kriz Sa yo se sant ki nan kominote a epi tou ki toupre oswa anndan diferan lopital. Etablisman sa yo, yo konstwi yo pou ofri sèvis estabilizasyon ak moun ki nan sitiyaasyon kriz.

Sèvis pou Pasyan ki pa Entènè yo Sèvis sa yo, se sèvis klinik sante mantal nan Konte San Diego yo ansanm ak lòt founisè ofri. Yo pran randevou pou moun ki gen twoub sante mantal oswa twoub konsomasyon sibstans toksik yo epi yo ka resevwa moun pou vizit annijans san yo pa t bezwen pran randevou.

Sèvis Entèvansyon nan moman Kriz Lè w rele ACL, yon repatitè ki fòme pou sa pral reponn apèl ou a epi mande w enfòmasyon sou sitiyaasyon w ap fè fas la. Selon repons ou an, repatitè a pral detèmine si yo ta dwe mete sèten sèvis entèvansyon nan kad kriz ak sèvis repons sou pye pou pote asistans, tankou Ekip Entèvansyon Mobil nan moman Kriz la (Mobile Crisis Response Team, MCRT) oswa sèvis ijans yo.

Selon sitiyasyon w, yo ka voye diferan sèvis entèvansyon nan moman kriz pou ede w:

MCRT Ekip ki pa fè pati fòs lòd yo



Ekip Entèvansyon Mobil nan moman Kriz la

PERT Fòs lòd yo + klinisyen an



Ekip Entèvansyon Sikyatrik pou Ijans

EMS Si gen yon ijans medikal



Sèvis Ijans Medikal

Ekip Entèvansyon Mobil nan Moman Kriz yo (Mobile Crisis Response Teams, MCRT) fonksyone 24 sou 24, 7 jou pa semèn epi yo ka fè entèvansyon si sa a ki annapre yo ap pase nan sitiyasyon w lan:

1. Pa gen okenn blese ki mande pou gen entèvansyon medikal.
2. Pa gen okenn itilizasyon zam oswa pa gen moun ki posede zam selon sa moun konnen.
3. Moun nan pa enplike nan aktivite kriminèl ki grav epi ki gen pou wè ak bezwen pou gen yon entèvansyon ki garanti fòs lòd yo ap entèvni.
4. Yo pa konnen moun nan an koneksyon ak yon ankèt fòs lòd yo ap fè.
5. Pa gen okenn menas vyolans oswa posibilite pou vyolans imedya oswa itilizasyon vyolans kont lòt moun oswa oto-agresyon.

Si yo pa t rele fòs lòd yo egzakteman EPI si tout lòt kritè ki pi wo yo respekte, yon repatitè ka rekòmande pou yo voye yon MCRT pou entèvni nan kad yon sitiyasyon kriz.

Si ou toujou pa fin konnen kisa w dwe fè oswa sa ou bezwen, rele **ACL** nan **888-724-7240** pou pale ak yon ekspè ki fòme. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan sèvis sa yo, ale sou sandiegocounty.gov/mcrt/ and comresearch.org/pert.php.



LIVE WELL
SAN DIEGO